



REYINYON PIBLIK

Mizajou sou planifikasyon pou kontwole Dlo ki debòde kite egou ki pran ni dlo lapli ni lòt dlo moun itilize (CSO) pou Rivyè Charles ak Riso Alewife Brook /Mystic

Ou te konnen gwo lapli ka fè sistèm egou nou yo debòde e polye rivyè nou yo? Ou te konnen gen anpil metòd ki la pou anpeche yo debòde konsa?

Vil Cambridge ak Somerville ak Otorite Resous Dlo Massachusetts travay ansanm pou fè plan pou amelyore sistèm egou k ap anpeche gen polisyon nan rivyè nou yo alavni.

Vin avèk nou anliy pou aprann sou lòt metòd n ap travay sou li pou anpeche egou ki pran ni dlo lapli ni lòt dlo moun itilize pou yo debòde, pou amelyore kalite dlo a, epi gen rivyè ki pi san danje e ki pwòp.

Nou ka ba w yon entèprèt gratis nan kèlkeswa lòt lang nan. Pou mande yon entèprèt, tanpri kontakte nou nan somerviva@somervillema.gov oswa rele 311 (617-666-3311) anvan 8 janvyè 2025.

Moun ki andikape ki bezwen lòt èd oswa modifikasyon ki rezonab tanpri dwe kontakte alavans Adrienne Pomeroy nan 617-625-6600 ekstansyon 2059 oswa ADA@somervillema.gov.

6PM

Mèkredi

22 janvyè 2025

Enskri anliy pou reyinyon sa a k ap fèt sou “Zoom”.



<https://tinyurl.com/CSOmeeting4>

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit Entènèt ki pi ba a ki la pou Planifikasyon pou kontwole CSO:

<https://voice.somervillema.gov/joint-cso-planning>

